



Avi Endistri #18-11
Pou Pibliye Imedyatman

Pa pral gen nouveau lisans pou machin FHV yo pou yon (1) ane

Meera Joshi

Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg

Afè Piblik

frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger

Afè Piblik

harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street

22nd Floor

New York, NY 10004

Apremidi sa a, Konsèy Vil New York la te apwouve chanjman nan lwa lokal ki kontwole taks ak otomobil ki disponib pou travay yo. Nan jou k ap vini yo, nou pral pataje plis enfòmasyon sou nouveau lwa sa yo ak kijan yo pral afekte chofè ki gen lisans TLC yo. Men, nou te vle pataje enfòmasyon ak ou touswit konsènan yon chanjman ki pral antre an vigè si Majistra a siyen lwa yo.

Lè lwa yo antre an vigè, se sèlman moun ki gen machin ki aksesib pou chèz woulant yo pral bay nouveau lisans pou machin FHV yo. Si ou déjà gen yon lisans pou machin FHV, chanjman sa a PA pral afekte ou. Epi, chanjman sa a PA pral afekte nouveau aplikasyon pou machin FHV yo te depoze anvan lwa a antre anvigè.

Gade anba a pou jwenn enfòmasyon sou kijan chanjman sa a ka afekte chofè ki gen lisans TLC yo:

- Èske ou se yon chofè ki gen lisans TLC? Chanjman sa a PA pral afekte lisans pou kondwi ou. Chanjman sa a pral afekte sèlman aplikasyon pou nouveau lisans machin FHV yo.
- Èske w ap aplike pou yon nouveau lisans chofè TLC? Chanjman sa a PA pral afekte ou. TLC pral kontinye aksepte ak bay aplikasyon pou lisans chofè yo.
- Èske ou gen yon machin FHV ki gen lisans TLC? Chanjman sa a PA pral afekte lisans machin ou a. Ou ka renouve lisans ou epi ranplase machin ou gen kounye a ak nenpòt nouveau machin ki satisfè egzijans machin estanda nou yo. Se sèlman moun ki aplike pou yon nouveau lisans pou machin FHV apre lwa a antre an vigè chanjman sa a pral afekte.
- Èske ou te déjà aplike pou yon nouveau lisans machin FHV? Chanjman sa a PA pral afekte aplikasyon ou a. TLC pral evalye aplikasyon ou a epi ba ou yon lisans si ou satisfè egzijans lisans machin estanda yo.
- Èske ou vle aplike pou yon lisans machin FHV apre lwa a antre an vigè? Ou ka aplike pou yon nouveau lisans pou machin FHV epi jwenn youn si machin ou a aksesib pou chèz woulant.
- Èske ou vle aplike pou yon nouveau lisans machin FHV epi itilize yon machin ki pa aksesib pou chèz woulant? Ou dwe aplike anvan lwa yo antre an vigè. Pou kòmanse pwosesis aplikasyon an, baz ou a dwe soumèt yon afimasyon baz avan lwa a antre an vigè. Nou pa pral aksepte afimasyon baz pou machin ki pa aksesib pou chèz woulant yo apre lwa a antre an vigè.
- Èske ou gen yon taksi jòn, kamyonèt, oswa machin transpò adapte? Chanjman sa a PA pral afekte lisans machin ou a. Chanjman sa a pral afekte sèlman aplikasyon pou nouveau lisans machin FHV yo.